



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 15 avril 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA KI AJOUTE ETA NEW YORK NAN AKÒ VÒT POPILE NASYONAL LA**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te siyen lwa ki ajoute New York nan lis eta ki rantre nan akò Vòt Popilè Nasyonal la. Selon akò ant eta sa, eta manm yo pral remèt vwa elektoral yo pou prezidan bay kandida ki resevwa yon majorite nan vòt popilè nasyonal la.

“Ak lwa sa ki pase a, New York pran yon desizyon enpòtan pou l ogmante nan yon manyè fondamantal fòs ak onètete eleksyon prezidan peyi nou an,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Lè nou asosye Kolèj Elektoral la ak vwa elektè peyi a, n ap garanti egalite vòt yo epi ankouraje kandida pou atire elektè nan tout eta yo, olye yo konsantre nan yon manyè egzajere sou premye konpetisyon ak eta kle yo. Mewn sitou ankouraje pou m siyen lwa sa paske li reprezante toulede nan pwosesis la epi kore tradisyon Empire State la kòm yon lidè pwogresif nasyonal. Jodi a, ak siyati lwa sa, mwen kontan ajoute New York sou lis kap lonje a ak eta ki vini mete ansanm pou fè refòm sa tounen yon reyalite.”

Lwa sa itilize dwa Eta New York selon Konstitisyon Ameriken an pou remèt vwa elektoral li yo nan yon manyè li estime ki kòrèk (Atik II, Seksyon 1). Ak siyati Gouvènè Cuomo a, New York pwomèt pou l remèt 29 vwa elektoral li yo bay moun ki genyen vòt popilè nasyonal la nan TOUT 50 Eta yo plis Distri Columbia, men l ap aplikap sèlman lè va gen ase lòt eta ki vote menm lwa pou akò a ka genyen yon majorite nan 538 vwa Kolè Elektoral yo. New York fè yon gwo pa nan sans sa ak akò a ki kounye a gen ladann 165 nan 270 vòt elektoral nesèsè yo (61 pousan).

Yon amannman konstitisyonèl federal pa obligatwa pou pwovoke chanjman sa, paske Atik II, Seksyon 1 Konstitisyon peyi Etazini bay eta plen pouvwa pou yo remèt vòt elektoral nan nenpòt manyè yo chwazi: “Chak Eta pral nonmen, jan Lejislati a mande sa, yon Kantite Elektè...”. Pou kounye a, tankou 47 lòt eta, New York itilize metòd tout vwa pou moun ki genyen an kote moun ki genyen vòt popilè a nan Eta New York resevwa tou vwa elektè li yo. Metòd sa te itilize nan sèlman 3 eta nan lane 1789.

Lwa Vòt Popilè Nasyonal la adopte prensip debaz onètete nan eleksyon. Nan sistèm tout pou moun ki genyen an, kandida pou prezidan kapab pa okipe eta repibliken oubyen demokrat vreman yo, tankou New York, epi mete tout atansyon ak resous yo sou yon gwoup selèk eta kle. Kidonk, kandida pa gen ankenn rezon pou konsantre sou anpil kesyon ki enpòtan pou plizyè milyon Nouyòkè atravè eta a.

Haitian Creole

Sistèm lan pou kounye a divize nan yon manyè atifisyèl peyi a nan eta wouj, ble, ak kle. New York se yon viktim sistèm sa – malgre li klase 4yèm nan peyi a ak plis pase 13 milyon elektè enskri New York te klase bon jan dènye nan depans pou kanpay prezidan.

Ak siyati lwa sa, Gouvènè Cuomo ap chèche garanti chak vòt nan chak eta pral konte nan chak eleksyon pou prezidan. New York rete yon lidè nasyonal pou chanjman nan enstitisyon, nan moman akò Vòt Popilè Nasyonal la prèt pou l vin efektif epi garanti yon pi bèl demokrasi.

Senatè Joseph Griffo te di konsa, “Vòt Popilè Nasyonal la pral bay votan pouvwa. Si moun kwè vòt yo enpòtan, sa pral kreye plis enterè ak eksitasyon nan pratik politik nou an. Rantre nan akò a bannou enflyans sou kandida pou prezidan. Ansanm, n ap di : Ou pa ka pran eta nou yo kòm yon bagay ki nan pòch ou ankò. Ou pa kapab retire dwa vòt plizyè milyon ameriken pou tout bon lè ou iyoure nou ankò. Epi ou pa kapab pran vòt nou kòm pa w. Mwen kontan nou resevwa sipò tou de pati yo wsou pwojè lwa sa epi mwen kè nou vanse ak yon bagay ki alfa konstitisyonèl epitou ki montre bezwen ki genyen pou yon apwòch pi modèn nan eleksyon prezidan.”

Manm asanble Jeffrey Dinowitz te di konsa, “Nan pi gran demokrasi monn nou an, kandida ki gen plis vwa se li ki genyen yon eleksyon, sòf pou biwo ki pi enpòtan sou planèt la: Prezidan peyi Etazini. New York pou kounye a fè pati kantite eta kap ogmante yo ki deside moun ki genyen pou Prezidan dwe rive nan premye plas la. Yon fwa Vòt Popilè Nasyonal la vote nan ase eta, sa pral vle di moun ki genyen vòt popilè a pral toujou moun ki genyen nan yon eleksyon pou prezidan. Sa pral vle di chak vòt elektè bay atravè peyi a ap konte menm jan. Kandida ap genyen yon ankourajman pou fè kanpay nan tout peyi a, pa sèlman nan eta kle yo, epi yo va rezoud enkyetid elektè yo atravè peyi a. Sa va ogmante patisipasyon. Epi yo pap neglije New York ankò. Nou pa pral rete kòm espektatè ankò nan eleksyon pou prezidan. Lwa sa, Gouvènè Cuomo te siyen an, se youn nan refòm pi enpòtan nan pwosesis eleksyon an nan peyi Etazini nan istwa repiblik nou an. Mwen fyè dèske li te resevwa sipò toulede pati yo alafwa nan Asanble a ak nan Sena Eta a.”

Kounye a, pwojè lwa a adopte nan 11 jiridiksyon ki genyen 165 vòt elektoral - California, District of Columbia, Hawaii, Illinois, Maryland, Massachusetts, New York, New Jersey, Rhode Island, Vermont, ak Washington.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sit entènèt [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418